




ELECCIONES GENERALES+ 2021

Elige el país
que quieres

Jou k'ap 21 novanm lan w'ap ka vote nan
eleksyon prezidansyèl, palmantè epi
konseyè rejyonal yo.



#EligeElPaísQueQuieres



SA OU DWE KONNEN SOU ELEKSYON JENERAL 2021 YO

- 1 W'ap ka vote soti 8:00 nan maten e 6:00 nan aprèmidi jou dimanch k'ap 21 novanb lan.
- 2 Konnen kandida ou yo ak pwográm ke yo genyen nan paj entènèt nou an **www.servel.cl**.
- 3 Revize tab e kote ou gen pou vote, epi tou si yo ta dezinye w kòm mandatè, revize nan **consulta.servel.cl**



- 4 Ou dwe vote pou Prezidan, Depite, Konseye Rejyonal yo. Konsa tou, pou Senatè yo si tout fwa adrès electoral ou twouve li nan rejyon Antofagasta, Coquimbo, O'higgins, Ñuble, Biobío, Los Ríos, Los Lagos, Magallanes e Metropolitana.
- 5 Ou dwe vote sèlman pou yon kandida nan chak bilten vòt yo (kanè electoral). Si ou make plis ke yon preferans, vòt ou a ap anile.
- 6 Sonje ke pou kapab vote ou dwe prezante kanè idantite ou oswa paspò. W'ap ka vote ak dokiman ki ekspire depi 1 oktòb 2019.
- 7 Ou dwe al vote avèk kachne ou, bik ble e alkòl jèl pou dezenfekte men w, kenbe yon mèt de distans ak lòt moun yo epi rèspekte tout mezi sanitè yo ke Servel etabli.



8

Vòt ou a se yon sekre, pa fè foto li. Si ou bezwen asistans pou vote, sèlman yon moun majè ki ka ede'w e non moun sa pral anrejistre sou tab la. Presidan tab la sèlman ka ede'w pliye vòt la, kole adezif la oswa mete li nan bwat la, Prezidan tab la pa gen dwa make preferans ou yo nan plas ou.

9

Tout bilten vòt yo pliye de goch a dwat epi de anwo a anba, kole adezif la nan kazye ki gen non eleksyon yo epi kite kazye nimewo folio a lib.

10

Lè ou al vote, sonje ke moun aje, fanm ansent ak moun ki andikape gen aksè preferansyèl nan tout orè yo. Pou evite rasanbleman moun, ou dwe abandone lokal la yon fwa ou fin vote.



Esta guía y su interpretación a lenguas de pueblos originarios y creole forma parte de un trabajo de Servel en conjunto con PNUD, CIIR y ANTP.



CIIR
Centro de Estudios
Interculturales e Indígenas

AHORA NOS TOCA PARTICIPAR

Enfòmè w atravè de kanal ofisyèl Sèvis Elektoral yo: e nan rezos sosyal ki verifye yo oswa rele nou nan 600 6000 166.

servel.cl    
presidenciales2021.servel.cl
[#EligeElPaisQueQuieres](https://twitter.com/EligeElPaisQueQuieres)